психотренингдан кейинги босқичда ҳам изланиш давом эттирилди. Тиббиёт ходимларининг социал интеллектини ўрганиш тестини такрорий натижаларида мулоқот иштирокчисининг ҳиссиёти, фикри ва ниятларини тушуниш (3.25 ва 4,24, t=-11,28; p<0,001); новербал мулоқот ҳаракатларини тушуниш (3,16 ва 4,30, t=-10,13; p<0,001); вербал мулоқот ҳаракатларини тушуниш (2,94 ва 4,24, t=-13,31; p<0,001) қобилиятларни ўстиришга эришганлиги аниқланди.

Бундан кўринадики, дионтология омилларини ривожлантириш учун ҳар бир шахс, хусусан, тиббиёт ходимлари ўз устларида ишлашлари ва социал тажрибаларини изчил ошириб боришлари лозим экан. Бу орқали эса, тиббиёт ходимларининг касбий ва шахсий ривожланиши ҳамоҳанг кечишига эришиш муҳимдир.

Юқоридагилардан келиб чиқиб, соғлиқни сақлаш тизимида фаолият кўрсатаётган тиббиёт ходимлари учун қуйидаги амалий тавсиялар тақдим этилади.

1. Суҳбат жараёнида суҳбатдошнинг ҳиссиёти, унинг кечинмаларини тушунишга қийналиш ҳолатлари безовта қилган шароитларда биринчи галда кузатувчанлик хусусиятини шакллантириш мақсадга мувофиқ. Бунинг учун кинофильмларни томоша қилиб, унинг қаҳрамонлари тўғрисидаги тавсифини бошқа томошабинлар билан солиштириш орқали эришиши мумкин.

2. Новербал хатти-ҳаракатларни баҳолаш учун ҳам худди шу сингари фаолиятни амалга ошириши ва фильмни овозсиз томоша қилиб, қаҳрамоннинг хатти-ҳаракатини баҳолаши муҳимдир.

3. Тиббиёт ходимлари ўртасида мулоқотмандлик, шахснинг экапрессив ва новербал хатти-ҳаракатлари, муомала жараёнида ўз фикрларини назорат қилиши ва суҳбатдошнинг тинглашга доир социал тренинг ташкил этиши мақсадга мувофиқ.

4. Тиббиёт ходимларига ижтимоий идентификация, ижтимоий перцепция ва суҳбатдошга таъсир кўрсатиш ҳамда бошқаришга доир психологик маърифат машғулотларини ташкил этиш муҳимдир.

**Адабиётлар**

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги "Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида"ги ПФ-4947-сонли Фармони // Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. №6 (766). 70-модда. –Тошкент: "Адолат", 2017, 38-б.

2. Андреева Г.М. Социальная психология. –М.: "Аспект пресс", 1996. –С. 178.

3. Майерс Д. Социаьная психология/ Интенсивный курс 3-изд., «Олма Пресс». - С.Петербург – Москва: 2002, –С. 188.

4. Ибодуллаев З.Р. Tibbiyot psixologiyasi, 3-nashr. Darslik. –T.: 2019, 486-b.

5. Собирова Д.А. Тиббиёт ходимлари касбий компетентлигининг психологик асослари. Монография. –Бухоро: "Дурдона", 2020, 248-б.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада тиббиёт ходимларининг деонтологияси шаклланишининг илмий-назарий асослари ҳамда унга таъсир қилувчи омилларнинг ўрни ва аҳамияти очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье освещаются научные и теоретические основы социальной деонтология медицинских работников, а также роль и значение факторов влияющих на нее.

**SUMMARY.** This article highlights the scientific and theoretical foundations of the social deontologiya of health workers and the role and importance of the factors influencing it.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ШАҢАРАҚЛАРЫН БЕККЕМЛЕЎДИҢ СОЦИАЛ ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ФАКТОРЛАРЫ

**Б.О.Темирбеков –** *ассистент оқытыўшы*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** оила, урф-одат, дастурлар, никоҳ, эр-хотин, "мурындиқ ата", "мурындиқ ана", жамият, маънавий, шакллантириш, омиллар.

**Ключевые слова:** семья, обычаи, традиции, брак, муж-жена, крестный отец, крестная мать, социальный круг, духовность, формирование, факторы.

**Key words:** family, customs, traditions, , marriage, husband-wife, Godfather, Godmother, social circle, spirituality, spirituality, formed, factors.

Жәмийеттиң, мәмлекеттиң раўажланыўында шаңарақтың беккемлиги үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтанда ҳәр бир шаңарақтың саламат болып қәлиплесиўинде оларда унамлы психологиялық орталықтың болыўын тәмийинлеўимизде, шаңарақ ағзалары ҳәм бир-бири менен болатуғын өз-ара жақсы қарым-қатнас мүнәсибетлери менен әмелге асады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 63-статьясында «Шаңарақ жәмийеттиң тийкарғы буўыны болып есапланады, сондай-ақ жәмийет ҳәм мәмлекет қорғаўында болады».

Демек шаңарақтың беккемлиги жәмийеттиң сиясый, экономикалық социаллық раўажланыўдың тийкарғы факторларынан бири болып есапланады. Шаңарақта жетик шахсты қәлиплестириў ҳәмде оны әдеп-икрамлы етип тәрбиялыў, минез-қулық нормалары ҳәм физикалық сыпатлары синдирилип барылады.

Шаңарақтың пайда болыўы бул некеге байланыслы, неке бул еки жастың бас қосыўы, қуўанышта, қайғыда бирге болыўына келисиў. Бир өмирге бирге жасаў ушын дүзилип атырған келисим. Неке мәресимин әдетте биз той деп атаймыз. Той бул Каракалпақ халқының ең үлкен қуўанышларының белгиси. Халықта сондай сөз бар "Жыйған тергениң тойға буйырсын" деген, усы қуўаныш белгиси болған тойларда халықтың көпғана үрип-әдет дәстүрлери исленеди. Қуда түсиў, қыз узатыў, бет ашар ҳ.т.б. Мурындық ата, апа болыў, сайлаўда бул миллетимиздиң өзине тән болған дәстүри [2].

Қарақалпақ шаңарақларын беккемлеўде бурыннан ата-бабаларымыздан киятырған урип-әдет дәстүрлеримизден бири мурындық ата яки мурындық ананың ўазыйпалары бас қосып атырған жас шаңарақлардын беккем болыўы, олардың жаңаша өмирге бейимлесип кетиўине үлкен жәрдеми тийген. Оннан басқа мурындық ата яки мурындық апа қандайда бир шаңараққа жаңадан келин болып түскен ўақытта сол шаңараққа жақын туўысқанын ямаса жақын жора жолдасы, қоңсы-қобасы, таныскларын қойып бизгеде усындай келин несиб етсин деп сол үйдиң келинин өзине қыз етип алған яки жаңа туўылған балаға айтылатуғын болса сол мағанда шаңарағымызға усындай перзент берсин деп ырым етип мурындық ата-яки мурындық апа атанатуғын болған. Оның өзине жараса миннетлери, ўазыйпалары болып, сол келин-кийеўге өз балаларыннан кем қарамаўы ҳәмде мәсләҳәтлерин берип, ақыл-нәсият айтатуғын болыўы, керек жеринде жәрдем берип қоллап-қуўатлаўы керек. Мурындық перзентлериде мурындық ата ҳәм апа болып сайланғанларға ҳүрмет көрсетиўи өз ата-анасындай етип көриўи керек.

Мурындық ата-апа тойда мурындық перзентлерине енши жибереди. Бул ҳәр қыйлы жәнликлер, сыйыр, қой, я басқада нәрселер болыўы мүмкин, Бул олардың турмыслық шараятынан келип шығып бериледи. Қаншелли жақсы қымбат баҳалы болмасын еншиси бул

болажак шаңараққа саўға болғанлықтан шын кеўилден бериледи.

Бурынлары көпшилик ата-бабаларымыз баласына мурындық ата-яки мурындық ана таңлаўда шаңараққа тийисли мүнәсибетлеринде рууҳый дүньясы кең өлшемлери тийкарында қурылған тәрбиялы әдеп-икрамлы көпти көрген өмир тәжирийбесине ийе ҳеш қандай материаллық мәпти гозлемей жасы үлкен ата-апалардан қоятуғын болған. Мен бул инсанды мурындық аталыққа ылайық көремен, бул инсанның ис ҳәрекетлери маған унайды, оның абрайын, мәртебесин, лаўазымын есапқа алыўы мүмкин. Мурындық ата-ананың ўазыйпалары, хызметлери көп болғанлықтан бул лаўазымға жуўапкершиликли, өзимиз жақсы таныйтуғын, билетуғын үлгили адамды сайлаўымыз керек.

Мурындық ата ҳәм мурындық апа сайлаў дәстүри ҳәзирде халқымызда бурынғыға салыстырғанда әдеўир парық қылып, айырым шаңарақларда еки тәрептиңе ўазыйпалары алдыңғыдай шын кеўилден хызмет көрсетилип толық атқарылып атырған жоқ. Ҳәзирги ўақыттағы мурындық ата ҳәм мурындық апаны сайлаў мәселеси ҳәр тәреплеме мәпти гөзлеген халда ис тутылып атыр. Солардан жас шаңарақлардың экономикалық жағдайын жақсылаў, бахыт тойын өткериўдеги айырым материаллық шығынларды қаплаў, ҳәттеки жас аралық шегарасыда есапқа алынбай атыр. Мәселен турмыс қурып атырған жас шаңарақтың жасынан болажак мурындық ата-апаның жасы арасындағы парықтың (4-6 жас) аз муғдарда болыўы көбеймекте. Биз үрип-әдетлеримизди орынлайтуғын, миллий дәстүрлерге садық халықпыз, бирақта глобалласыў дәўиринде барлық миллетке тәсир көрсеткени сыяқлы биздиң де дәстүрлеримиздиң толық орынланбаўына өз тәсирин тийгизеди. Келешекте бул дәстүримизде жоқ болыў итималы бар, себеби кейинги ўақытлары ажырасыўлардың алдын алыў процессине қатнасыўы, ажырасыў алдында турған жас шаңарақларды жарастырыў, олардағы ерли-зайыплылар арасындағы қарама-қарсылықларды болдырмаў бойынша мурындық ата-апаның әмелий хызметлери төмен дәрежеде. Сонлықтанда шаңарақтың бузылыўы, перзенлердиң ярым жетим болып қалыў жағдайлары көплеп ушыраспақта.

Неке шаңарақ қатнасықлары, ҳәзирги заман шаңарағында бақланатуғын көплеген көзқарасының раўажланыўы неке-шаңарақ қатнаслары эволюциясының узақ тарыйхы менен байланыслы. Көпшилик ўақытта шаңарақтағы ҳәм ондағы жүз беретуғын қатнасықларға итибарлы боламыз, не себептен шаңарақта өзимизди жақсы, бахытлы сезе алсақ жумысымыз жүрискендей, әўметимиз келгендей болады себеби шаңарақ бизиң турмысымыздағы ең әзиз ҳәм муқаддес дәргай. Тек шаңарақта ғана инсанның бахытлы болыўы, өзин кимлергедур керекли сезиниўи мүмкин [4].

Қарақалпақ шаңарақларын беккемлеўде тәсир етиўши факторлардан бири жаслардың өз шаңарақлық өмири ҳаққында көз алдымызға келтириўде Қарақалпақ халық нақыл-мақалларынан бири «Уяда не көрсе ушқанда соны көреди» дегениндей шаңарақта ата-аналарының балаларына берген тәлим-тәрбиясына тиккелей байланыслы болып, келешекте жас шаңарақлар ата-анасы тәрепинен сиңдирилген минез-қулық, қарым-қатнас мәденияты, сыйласық, бир-биреўге хүрмет–иззет пазыйлетлери тийкарында беккемлиги артады.

Улыўма жас шаңарақларда ерли-зайыплылар мүнәсибетлериниң қандай жағдайда раўажланыўы алды менен сол шаңарақтың пайда болыўына тийкар болған неке алды факторларының характерине, сол шаңарақтың пайда болыў шәрт-шараятлары менен тиккелей байланыслы. Ҳәр бир инсан шаңарақ орталығында кәмил инсан болып қәлиплесер екен, шаңарақтың турақлылығы, оның беккемлиги жәмийет раўажланыўының тийкарғы буўыны болып табылады.

Шаңарақ инсаният тарыйхының ҳәмме дәўирлеринде жәмийеттиң тийкарғы буўыны болып киятырған муқаддес даргай болып, Қарақалпақ шаңарақларының беккем ҳәм татыў болыўы ушын ер ҳәм ҳаял арасында меҳир-муҳаббаттың болыўы, бир-бириниң жақсы ҳәм жаман тәреплерин түсиниўи, айып ҳәм кемшиликлерин кешириў, ата-ене қарым-қатнасын дурыс жолға қойыўы зәрүр.

Шаңарақты раўажландырыўға дунья жүзлик дәрежеде Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң турақлы раўажланыў мақсетлери тийкарында Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 18-февраль күни қабыл етилген «Жәмийетте социал-рууҳый орталықты саламатластырыў мәҳәлле институтларын қоллап-қуўатлаў, шаңарақ ҳәм ҳаял-қызлар менен ислеў системасын жаңа дәрежеде алып шығыў илажлары ҳаққында»ғы [6] Пәрманы мәмлекеттиң шаңараққа болған итибары, шаңарақлар беккемлигин ҳәр бир инсанның бахытлы турмыс кешириўин тәмийинлеўге қаратылған мәмлекет сиясаты дәрежесинде көриўи мүмкин.

Өзбек ҳәм Қарақалпақ шаңарақлары ҳәм шаңараққа тийисли мүнәсибетлеринде қайин ене ҳәм келин мүнәсибетлери бөлек айырықша әҳмийетке ийе есапланады. Ененин шаңарақтағы айырықша ўазыйпалары әҳмийетли болып, оның тийкарғы қәсийетлери шаңарақтағы ишки тәртип интизамды, татыўлықты сақлаў өз ара мүнәсибетлерди қәлиплестириў, келинди жаңа орталыққа бейимлесиў ушын билмегенин үйретип тәрбиялаўға қаратылған болады. Сонлықтанда қайин ата ҳәм ене кийеўгеде келингеде ата-ана орнында болады ҳәм олардың ҳүрметин, сыйласығын жайына қойып разылығы тийкарында ақ пәтиясын алыў шәрт болып есапланады.

Шаңарақтағы рууҳый орталықтың жақсы болыўын корсетиўши бул дослық, татыўлық болып есапланады. Дослық шаңарақ ағзаларының бир-бирин хүрмет етиўи бир-бирине исениўи ҳәм сүйениўи нәтийжесинде жүзеге келеди. Рууҳый саламатлығы төмен шаңарақларда басқаша қарым-қатнаслар, даў-жәнжеллер, ҳәр қыйлы келиспеўшиликлер шаңарақ ағзалары арасында бир-бирине алып топылыў, қапаласыў, жынаятлы жағдайлар көплеп ушрасады [5].

Жаңаланажақ Өзбекстан Республикасы Конституциясына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў бойынша жойбарының 98-статья II-бөлиминиң 6-бантинде «Мәмлекеттиң жасларға байланыслы сиясатын әмелге асырыўын тәмийинлейди, шаңарақты қоллап-қуўатлаў, беккемлеў ҳәм қорғаў, дәстүрий миллий қәдриятларды сақлап қалыў шараларын көреди [7].

Ҳәр бир шаңарақтың өзине сай тәртиби, нызам-қағыйдалары, дәстүрлери, баҳа-өлшемлери ҳәттеки сол шаңарақ ағзалары ғана түсинетуғын сөз бирликлери болады. Жаңа түскен келин өзи менен туўылып өскен үйиниң орталығына, әдеп-икрам нормаларын ҳәм көнликпелерин алып келеди. Соның ушын еки шаңарақтың нызам-қағыйдалары бир-бирине туўры келмей шаңарақ орталығы келиспей қалыўы мумкин. Келинниң жаңа шаңараққа үйренисиўи оның минез-қулқы темпераментиниң түринеде байланыслы. Мәселен, холерик, сангвиник темперамент типине кириўши келинлер жаңа шаңараққа тез бейимлесип шаңарақ ағзалары менен карым-қатнасқа кирисип кетеди, ал меланхолик яки флегматик типине кириўши келинлер жаңа орталыққа бейимлесиўинде көплеп қыйыншылықларға ушрайды. Адамның бахты оның әдеп-икрамлығы ҳәм тәрбиясында болып себеби

тәрбиясы жақсы болған адам сүйкимли болады. Еки жастың турмысқа деген мүмкиншиликлериниң теңдейлиги мәплерине, бирлигине, идеяларының сәйкеслиги, өз ара ҳүрмет, ҳаял ҳәм ердиң дослық қатнасықларының бир-бирин түсиниўиниң тийкары болады.

Жуўмақлап айтқанда Қарақалпақ шаңарақларының беккемлигин тәмийинлеў мақсетинде мәмлекет яки шаңарақты қоллап-қуўатлаў институтлары, шаңарақ орайлары тәрепинен бирқанша әмелий жумыслар алып барылып атыр. Жас шаңарақлардың аяққа турып кетиўи ушын мәмлекет тәрепинен бирқанша жәрдемлер, жеңилликлер берилип атыр. Онан басқа барлық билимлендириў мекемелеринде билим алып атырған өспиримлик ҳәмде ерте жаслық дәўири балалары ушын жасларды шаңарақ турмысына таярлаў бойынша шаңарақ психологиясы пәнин тереңнен өтиўди жолға қойғанда келешектеги қурылажақ жас шаңарақлардың еледе беккем болыўына, ажырасыў жағдайларын болдырмаўына өз үлесин қосқан болар еди.

**Әдебиятлар**


1. Есбергенов Х., Хошниязов Ж. Этнографические мотивы в Каракалпакском фольклоре. -Ташкент: «Фан». 1988.
2. Материалы и исследования по этнографии Каракалпаков. -М.: 1958.
3. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии Каракалпаков –Москва: 1950.
4. Каримова В. Оила психологияси. Дарслик. -Тошкент: 2007.
5. Шоумаров Ғ.Б., Расулова З.А. Никоҳ мустаҳкамлигида оила қураётган йигит-қизларнинг ёш хусусиятларининг аҳамияти. // Психология. – Тошкент: 2012, № 2.
6. https://lex.uz/docs/4740345.
7. https://meningkonstitutsiyam.uz/qonunloyihasi.pdf.



**РЕЗЮМЕ.** Бу мақолада қорақалпоқ оилаларини мустаҳкамлашнинг ижтимоий психологик омиллари келтирилган бўлиб, уларда ёш оилаларга тайинланадиган “мурындық” ота ва “мурындық” онанинг оиланинг мустаҳкамлигини таъминлашдаги ҳолатлари кўриб чиқилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлены факторы укрепления каракалпакских семей на примере роли крестного отца, крестной матери, которые закрепляются за молодыми семьями, для обеспечении прочности семьи.

**SUMMARY.** This article presents the factors of strengthening families by the example of the role of the Godfather, Godmother, who are assigned to young families, in ensuring the strength of the family.


## ПЕДАГОГЛАР ШАХСИНИНГ МУЛОҚОТ УСЛУБИГА БОҒЛИҚ БЎЛГАН ИЖТИМОИЙ-ПСИХОЛОГИК ХУСУСИЯТЛАРИ


**Д.Р.Тураева –** *психология фанлари буйича фалсафа доктори, доцент*
*Тошкент кимё халқаро университети*
**А.У.Елмуратова –** *психология фанлари буйича фалсафа доктори, доцент*
*Ўзбекстон давлат жисмония тарбия ва спорт университети Нукус филиали*



**Таянч сўзлар:** “устоз -шогирд” тизими, услуб, ўқитувчининг фаолият услуби, бошқарув услуби, бошқарув усули.
**Ключевые слова:** система «наставник-ученик», стиль, стиль деятельности учителя, стиля управления, метод управления.
**Key words:** "mentor-apprentice" system, management method, style, style of activity of the teacher, management style.


Таълим жараёнида ўқитувчининг роли муҳим аҳамиятга эга эканлиги барчага аён. Ўқувчининг ўқиши ва ривожланиш кўрсаткичлари, айнан педагогнинг шахсий хусусиятлари намоён бўлувчи индивидуал мулоқот услубига боғлиқ. XX асрнинг бошларида яшаб ижод этган олим Ф.П. Каптерев ўқитувчининг сифатларини иккига бўлиб ўрганади: махсус сифатларга ва шахс сифатларига. Ўқитувчининг махсус сифатларига икки хил сифатлар киришини таъкидлаган: объектив ва субъектив сифатлар. Ўқитувчининг объектив сифатларига унинг илмий тайёргарлиги кирса, субъектив сифатига эса, ўқитувчининг шахсий таланти киради. Ўқитувчининг шахс сифатларига унинг ахлоқий–иродавий сифатлари киришни таъкидлайди [1]. Олимнинг фикрича, таълим жараёнида ўқитувчининг шахси биринчи ўринда туради, қолган сифатлари эса таълимдаги унинг тарбиявий таъсирини кучайтиради ёки сусайтиради [1]. Ф.П.Коптерев ўқитувчининг объектив сифатига унинг ўз фанини чуқур билишини, субъектив сифатига эса унинг ўқитувчилик маҳоратини, педагогик қобилиятини киритади. Ўқитувчи шахсига хос бўлган ахлоқий-иродавий сифатларга: объективлик, эътиборлилик, самимийлик, чидам ва бардош, ўз-ўзини танқид қилишлик, болаларга нисбатан меҳр – муҳаббат ва ҳоказоларни киритади. Маълумки, шахс яхлит тузилма сифатида маълум бир структурага эга бўлади. Шундай шахс структураларидан бирини В.С.Мерлин таклиф қилган. У шахсга инсоннинг алоқалари ва сифатлари системаси сифатида таъриф беради ва шахснинг динамик структурасини қуйидаги системаларга бўлади:

1. Организмнинг индивидуал хусусиятлари системаси (биохимик, умумий соматик, нейродинамик хусусиятлар).
2. Индивидуал психик хусусиятлар системаси (психодинамик, яъни темперамент сифатлари, шахснинг психик хусусиятлари).
3. Ижтимоий, психологик, индивидуал хусусиятлар (ижтимоий роллар, установка, статус ва ҳоказо) [2].

Олим томонидан илгари сурилган шахснинг динамик структураси ўқитувчи шахси учун ҳам характерли ҳисобланади. Улар таълим-тарбия жараёнида бевосита ўз таъсирини кўрсатади. Шундай қилиб, бу ўринда ўқитувчи шахси, унинг маълум қирралари кўплаб нуфузли олимларимиз томонидан таъкидлаб ўтилган. Ўқитувчи шахсига хос бўлган томонлардан бири унинг ўқувчиларга таъсирининг, аниқроғи, ўқувчилар жамоасига таъсирининг услублари ҳисобланади. Бундай таъсир услублари бир қанча бўлиб, уларнинг ҳар бири ўқувчи шахси шаклланишида ўзига хос самарага эга бўлади. Айнан шу масалани ойдинлаштириш учун, бошқача айтганда, юқорида қўйилган саволларга жавоб бериш учун, ўқитувчининг фаолият ва бошқарув услублари нуқтаи назаридан, оптимал усулларини ишлаб чиқиш мақсадида тажрибавий тадқиқотни амалга оширдик [4].

Тадқиқотимизда ихтиёрий равишда, ўз хоҳиш истаги билан республикамиз умумий ўрта таълим мактабларида фаолият олиб бораётган 708 нафар педагоглар қатнашган. Тадқиқот мақсад ва вазифаларидан келиб чиқиб, Р. Кеттел тести [3] ёрдамида ўқитувчи шахси ижтимоий хусусиятларини ўргандик. Тест турли йиллик иш тажрибасига эга бўлган ўқитувчиларда ўтказилди ва натижалар 0-5 йилгача, 6-11 йилгача, 11-15 йил ва ундан юқори иш тажрибасига эга бўлган эркак ва аёл ўқитувчиларда алоҳида ҳисоблаб чиқилди. Олинган натижалар даражаларга кўра таҳлил қилинди.

Қуйида тадқиқот натижаларининг таҳлилига тўхталиб ўтамиз.

А фактори (одамовилик-мулоқотчанлик) бўйича аёл ўқитувчиларда ҳам эркак ўқитувчиларда ҳам, иш стажи бўйича ҳам мулоқотчанлик юқори тенденцияга эга эканлиги кузатилди. Бу, албатта, ўқитувчига хос хусусият ҳисобланади. Мулоқотчанлик, киришимлилик,